ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№82 (23.896) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Псапэ щІэным зеубгъу

● ЗэпыщІэныгъэхэр

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЦІ-м щыІэ Матовников Александррэ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ «Кавказ Ищхъэрэм фІы щылэжьыр» зыфІаща щыналъэ форумым и лэжьыгъэм хэтащ.

КИФЦІ-м хыхьэ хэгъэгухэм я волонтёрхэр 250-м нэблагъэ зыхэта зэхуэсышхуэр щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ хэщІапІэм.

ЛІыщхьэхэм ятпэщыкІэ щыгъуазэ зыхуащІащ езыхэм яфІэфІу Іуэхуфі зылэжьхэм я зэщІэхъееныгъэм, зэрыщыту къатщтэмэ, УФ-м зэрызыщижьыр, апхуэдэуи, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм, абы хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым псапащІэ Іуэхуэхэм нэхъри зыщыгъуныжмкІэ къагъэсбэзэ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ зыхуэдэм, апхуэдэуи епльащ зэІущІэм кІыхуэзэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэм.

- Фызэрыщыгъуазэщи, нэгъабэ КИФЦІ-м щыдгъэлъэпІащ Кавказ Ищхъэрэр нэмыщ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм кІызэрыІэщІагъэкІыкрэ ильэс 75-рэ зэрырикъуар. ДызыхуэкІуэ ильэсым ди мурадщ а зэпэщІэувэныгъэ гуащІэр ди ТекІуэныгъэмкІэ зэриухрэ ильэс 75-рэ зэрырикъур, къэралми хуэдэу, КИФЦІ-м хыхьэ хэгъэгу псоми Іэтауэ щыдгъэлъэпІэну. Согугъэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу дэтхэнэри а Іуэхум жыджэру хэтыну, - кІыхигъэщащ Матовников Александр, журналистхэм кІыщыдэпсалъэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм кІрихьэлІахэм КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэ-кІуэ Казбек мыпхуэдэ упщІэкІэ зыхуагъэзащ:

- «Фэеплъымрэ щІыхьымрэ я ильэс» зыфІащу, 2020 гъэм ирагъэкІуэкІыну тхыдэ Іуэхугъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщыхуагъэзэрыримрэ езыхэм яфІэфІу Іуэхуфі зылэжьхэм я зэщІэхъеенныгъэм зэрызыщиубгъумрэ ехьэлІауэ сыт кІыджепІэфын? - жаІэри.

- Ди республикэм мы зэманым волонтёрхэм я бжыгъэр мини 8-м щынэблэгъащ. Абыхэм я ІуэхущІафэхэр унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэм яхуэгъэзащ. Дэ кІыхьэрытлъытэмкІэ, а лэжьыгъэр нэхъ- ри ефІэкІуа хъунымкІэ щхьэпэщ, мы махуэхэм мыбдежым щызэхэтша, КИФЦІ-м и блогерхэр зэзэшэлІэж хэгъэгу зэхуаку гупри. Шэч хэмылъу, абы хагъэхьаныгъэ къаехжІынущ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ ильэс 75-рэ щрикъуну махуэхэр, зэрахуэфащэу, гъэлъэпІа хъуным зи гуащІэ хэзылъхьэнухэри.

Адэкіэ хьэщІэхэри бысымхэри хэщІапІэм и щІыбагъкІэ щыІэ зэхуэсыпІэ Іэхуитлъэхуитым кІуащ. Уэздыгъей уардэу уафэм худэплъейхэм къаухъуреихьа концерт гъэлъэгъуапІэр тІысипІэ зыкъызыхэмкІэ гъэщІэрэщІат, нэгъуэщІ зыхуейзыхуэныкъуэхэмкІи кІыызгъэпэщат. Утыку зэІухам, къытригъэзэжурэ уэшхым кІыщызыгпхидзым, щызэІуущІэжахэр апхуэдизу нэжэгужагъэм зэщІищтати, уащыхэплъэкІэ уащымыгуфыкІын плъэкІынутэкъым.

Зэхьэхьэм лІыщхьэхэр чэзу-чэзуклэрэ кІыщыпсэлъащ.

- «Мэшыкъуэ» форумым ильэс зыбжанэ хъуауэ щызэхуэс щІалэгъуалэм ящыщ куэдым мыбдежым сыщыфІуущІэжащи, абы нэхъри срогуфІэ, - кІыхигъэщащ Матовников Александр. - Езыхэм я фІэфІныгъэкІэ Іуэхуфі зылэжьхэм я зэщІэхъеенныгъэм нэхъ псынщІэу зыщиубгъу щІыналъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Абы и щІыхьэтщ щыгъуазэ дызыхуэфащІа гъэлъэгъуэныгъэри, нэгъуэщІ абы хуэдэ Іуэхугъуэу нобэ дызрихьэлІаахэри. 2018 гъэр езыхэм я фІэфІныгъэкІэ Іуэхуфі зылэжьхэм я зэщІэхъеенныгъэм и ильэсу къалъытами, а Іуэхум, дызэрыщыгъуазэщи, абы ипэжкІи щІидзащ. Властым волонтёрхэм я ІуэхущІафэхэр ядиныгъуу, уеблэмэ, сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн яхуэхъу зэрыщытынхэр кІыльэтэри, федеральнэ центрым щыналъэ псоми кІыщызэриГэпэщащ езыхэм яфІэфІу Іуэхуфі зылэжьхэм ядызекІуэныгкІэ зэзыгъэуІу центрхэр, дэтхэнэми а унэтІныныгъэм хэзыщІыкІ, абы хуагъэхьэзыра цІыху зыбжанэ егъэщІылІауэ. ЖыпІэ хъунущ, гъащІэм кІыгъэув къалэнхэр жыджэру зэфІэхыным яужь ит, псоми гу лъэныкъуэ цІыху гуащІафІэхэм нобэ мыбдежым дащыхуэзауэ. Властым и дэтхэнэ ІэнатІэри, экономикэм, хьэрычэтым пыщІа сыт хуэдэ ІуэхущІапІэри хуабжьу хуэныкъуэщ щхьэх зымыщІэ, пщэрыпІ къыщащІахэр и чэзум зэригъэзэщІэным акъыл жанкІэ бгъэдыхьэ цІыхухэм. КъыхэгъэщІапхъэщ, волонтёрхэм я бжыгъэр ди къэралым мы зэманым мелуан 14-м зэрыщынэблэгъари. Ар, зэрыфаІэщи, УФ-м цІыхуу исым я проценти 10-м ноблагъэ. Къимыдзкіэ, Кавказым мыхьэнэшхуэ щІызиІэ унэтІныныгъэхэм ящыщщ экологием ехьэлІахэри цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным хэзгъэзахэри. Араущи, фыкъыхудоджэ, фи ІэхуущІафэ дахэхэмкІэ къыдэфхьэхуу, фи сатырхэм цІыху нэхъыбэ кІыызэрыхэфшэным фыхуущІэкъуну.

- Мыбдежым къыщызэхуэсахэм, хьэщІэхэми ди республикэм щыщхэми, псоми, сынывохъуэхъу ми иджырей ди зэхьыхьэм фІы къыфхудэкІуэну, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Сыт зищІысыр сэркІэ мыбдежым къыщызэхуэса фщыщ дэтхэнэри? ЖысІэну сызыхуейр араущи, фэ, псори, фІым фриджакІуэщ, псапэ зыпылъ Іуэхуэхр лэжьыным гукІи псэкІи еувэлІауэ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ фыпэрымытами, гуапагъэ хэлъу абдежым щывгъэзащІэ ІуэхущІафэхэм фэ езыхэр фригуфІэжрэ къапэкІуэну берычэтым, фыгъуэм фи деж нигъэзэжыну сыфхуоХуахъуэ! Властым щыщхэм къабгъэдэкІыу мыри зэхьвэзгъэхьынут: фи лэжьыгъэм ехьэлІауэ сыт хуэдэ жэрдэм къыхэвмылъхьами къывдэтщтэнущ, вдэтІыгъынущ.

ЗэІущІэм къыщызэхуэса волонтёрхэм упщІэ зыбжанэкІэ лІыщхьэхэм зыхуагъэзащ. Ахэр теухуат езыхэм яфІэфІу Іуэхуфі зылэжьхэм я зэщІэхъеенныгъэм нэхъри зиужьныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зыхуэдэм, нэгъуэщІхэми.

ЕтІуанэ Іуэхугъуэу лІыщхьэхэр кІуащ Тегенекли къуажэм къыщызэрагъэпэща, «Іуащхьэмахуэ-19» зыфІаща хэщІапІэм. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным хэзгъэпса, а хэгъэгуитым социально-экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ я ехьэлІэнгъэхэр зыхуэдэр щагъэлъагъуэ утыкухэм ящыщ зыщ. Абы мы зэманым щыІэщ зи ныбжьыр илъэс 15-м къыщыщІэдзауэ 18-м нэс зи ныбжь щІалэ, пщащэ 100-м нэблагъэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● Дыгъуасэ

КІуэкІуэ Казбек хуэзащ Иорданием и лІыкІуэу Урысей Федерацэм щыІэ Адайле Амджад

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Иордание Пащтыхьыгъуэм и чрезвычайнэ икІи полномочнэ лІыкІуэу Урысей Федерацэм щыІэ Адайле Амджад.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ экономикэ зэпыщІэныгъэхэм я унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм. ЛъэныкъуитІми къыхагъэщащ мэкъумэшым, туризмэм я Іэнатіэхэм, курорт-рекреацэ Іэнатіэм щызэдэлэжьэныкІэ хэкІыпІэшхуэхэр зэрыщыІэр.

Хьэщ1эм Иорданием и пащтыхь Абдалла ЕтІуанэм и сэламыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм, республикэм ис псоми къарикъжащ икІи зэдэлэжьэныгъэм зэрегугъуэм папщІэ фІыщІэ къахуищІащ. «Иорданиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ яку куэд щІауэ тхыдэ зэпыщІэныгъэхэр дэлъщ. Иджыпсту дэ фи щІыналъэм и экономикэм дызэрыдэлажьэр нэхъри дгъэбыдэну дыхьэзырщ», - жиІащ абы.

«Нобэ дэ Іуэхур тыдощІыхь Урысеймрэ Иорданиемрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм я лъабжьэу ныбжьэгъугъэр зэрыщытым, ди къэралхэм я унафэщІхэр гуапагъэкІэ зэрызэпыщІам икІи республикэм иІэ полномочиехэм къриубыдэу ди къэралхэм яку дэлъ зэдэлэжьэныгъэр дгъэбыдэну дыхьэзырщ», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

ЗэІущІэм хэтащ Иорданием и лІыкІуэ Іуэхущ1апІэу Урысей Федерацэм щыІэм и япэ секретарь Альбашир Мутасем, КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор Ткачев Евгений, УФ-м Нэгъуэщ1 къэрал Іуэхуэхмкіэ и министрствэм и лІыкІуэ Минводы къалэм щыІэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Крутиневэ Марие, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис сымэ.

Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным пыщІа волонтёр лэжьыгъэм зыхуэгъэхьэзырынымкІэ Кавказ Ищхъэрэм ЗэзыгъэуІу и центрыр Налшык къыщызэІуах

Вэсэмахуэ Налшык къыщызэІуахащ Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным пыщІа волонтёр лэжьыгъэм зыхуэгъэхьэзырынымкІэ Кавказ Ищхъэрэм ЗэзыгъэуІу и центрыр. Ар щылэжьэнущ «ДыгъафІэ къалэ» сабий академием.

ГУФІЭГЪУЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В., УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и къуэдзэ Стариков С. С., КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амельченковэ О. Н., КъБР-м и Правительствэм, ветеран зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и волонтёр зэщІэхъеенныгъэм и щІыналъэ зэхуэсыпІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ абы урысейпсо конкурсым фІы дыдэу зэрызыкъыщІэлъэгъуэм къыхэкІыу. Республикэр а зэпеуэм щытекІуа щІыналъэу 8-м яхэхуащ.

«Мы центрыр къызэрызэІутхэр щыхьэт тохъуэ ди волонтёрхэм зэфІэкІыщхуэ зэрабгъэдэлъым икІи ар сэбэн хъунущ доброволецхэм я зэщІэхъеенныгъэм адэкІи Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэужьыныкІэ. Мы центрым щекІуэкІыну егъэджэныгъэр ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур тэмэму гъэлъэпІэным ди щІалэхэр хуэгъэхьэзырыныкІэ сэбэпышхуэ зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

«ИкъукІэ хъарзынэщ ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум пыщІа дауэдапщэхэм хэтыну волонтёрхэр егъэджэныкІэ центрыр Зауэлі щІыхьым и къалэ Налшык къыщызэІуахыну зэрытраухуар. Мыбы зэрыщыту округым и дежкІэ мыхьэнэ зиІэ лэжьыгъэхэр щекІуэкІынущ. Республикэм къэкІуэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и адрей къалэхэмрэ щыналъэхэмрэ ящыщ щІалэгъуалэр. Мы центрыр къызэІухыныр фэеплъ илъэсым щІэгъэхуэбжьауэ зыхуэгъэхьэзырынымкІэ лъэхъэнэщІащ. «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэщІэхъеенныгъэм фыщІэ фхузощІ жэрдэмрэ зэгурыІуэныгъэрэ зэрыфхэлъым папщІэ. Дэ лэжьыгъэшхуэ къыпфоплъэ икІи абы тэмэму дехьэлІэнущ», - къыхигъэщхьэхукІащ Стариков Сергей.

«ЩІалэгъуалэр Фэеплъымрэ щІыхьымрэ я илъэсым ауэ сытми лъэныкъуэкІэ щымыту, Іуэхушхуэхэм я къызэгъэпэщакІуэ хъун папщІэ лэжьыгъэшхуэ егъэкІуэкІыпхъэщ. ТекІуэныгъэм и махуэм ехьэлІа Іуэхуэхр зэфІэхыныкІэ мы гъэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыщу доброволец мини 8-м щІигъу къыддэІэпыкъуащ. Окружной центрыр къыззэрызІуахам и фІыщІэкІэ апхуэдэ цІыху гумызагъэхэр нэхъыбэж зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым», - жиІащ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэщІэхъеенныгъэм и унафэщІ, ЦІыхубэ фронт зэкъуэтым и штаб нэхъыщхьэм хэт Амельченковэ Ольгэ.

Дапэкіэ ирагъэкІуэкІыну жылагъуэ Іуэхуэхэм, щІалэгъуалэр зэрырагъэдэжну программэм, апхуэдэу центрым и япэ проектым - «Сталинград зауэр» ягъэІэпхъуэ квест-пэшым - тепсэлъыхьащ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэщІэхъеенныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІ Къумыкъу Каринэ. Сталинград и деж щекІуэкІа зауэ гуащІэм теуха тхыдэ квест-пэшыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылэжьэнущ бадзэуэгъуэм и 18-м нэсыху.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Парламентым

ЕхъулІэныгъэщІэхэр къахудэкІуэну дохъуэхъу!

Бадзэуэгъуэм и 11-м КъБР-м и Парламентым, хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, щагъэлъэпІащ республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІэр. Республикэм и хабзэуб5ыхуэ орган нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхылъыр щыІуэ 69-м, Фіыщ1э тхылъэр щыІуэ 18-м ираташ.

Егоровэ Татьянэ Тэнащ Анатолэ Парламентым и ЩІыхь тхылъыр къриташ.

- НОБЭ ди гуапэу догъэлъапІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым щылажьэ, ехъулІэныгъэфІэкІхэр къэзыгъэлъагъуэ цІыхухэр. Пэжыр жыпІэмэ, иужьрей ильэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым мыпхуэдэ зэхьхьэу иригъэкІуэкІар мащІэкъым. Ауэ нобэрей ди зэІущІэр адрейхэм къахощ, КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхьхьэгъуэм и лэжьыгъэр абыкІэ зэхудощыжьри, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**. - Шэч хэлъкъым мыбдеж къедгъэблагъэ дэтхэнэри и гуащІэ емыблэжу республикэм и зыужьыныгъэм зэрытелажьэм, и Іэщ1агъэм зэрыхуэпэжым. Апхуэдэ жэуапІныгъэ зыхэлъхэр дыз5ерикуэдым дегъэгушхуэ. Узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным, спортым, мэкъумэшым, промышленностым, хъыбарегъащІэ Іэнатіэм заужьыным ильэс куэд хъуауэ фи къару ивохьэлІэ. Ар ди дежкІэ уасэ зимыІэщ, республикэм и мызакъуэу, къэралми и къэкІуэнур щыхуэкІэ и Іуэхущ1афэкІэ еухуэри. Дэтхэнэми фІыщІэ фхузощІ, дяпэкІи екъулІэныгъэ куэд фиІэну, фи Іыхьлыхэми фэри фи узыншагъэр мыкІуэщІыну, дэрэжэгъуэ хъывзэзытын Іуэхугъуэхэр нэхъыбэу фи гъащІэм хэтыну ди гуапэщ.

КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхылъыр зратахэм ящыщщ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Тымыжь Хъусен**, Налшык къалэм и ЗАГС-м и унафэщІ **Шэру Валентинэ**, Бгы щІыпІэхэм я экологиемкІэ институтым и унафэщІ **Тембот ФатІимэт**, КъБР-м энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и министр **Безниковэ Иринэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хъумапІэм и унафэщІ **Кучмезов Орион**, Налшык къалэм и Спорт школ №1-м и унафэщІым и къуэдзэ **Багъэтыр Тимур**, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Давыденкэ Лидие**.

Республикэм и журналистикэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІ папщІэ, ди гуапэ зэрыхэтынщи, щІыхь тхылъхэмкІэ ягъэпэжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и зэдзэкІакІуэ **Тэнащ Анатолэ**, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым и редактор **Сэралъп Самарэ**, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Жангуразовэ Нажабат**, радионэтынхэр адыгэбзэкІэ езыгъэкІуэкІ **Къудей Лидэ** сымэ.

Республикэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и зыужьыныгъэм зэрытелажьэм папщІэ КъБР-м и Парламентым и Фіыщ1э тхылъэр иратащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм и корреспондент **Хьэрэдурэ Аллэ**, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Текуевэ Хьэуа**.

Дохъуэхъу дамыгъэ лъапІэкІэ зратахэм, ехъулІэныгъэщІэхэр къахудэкІуэну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэм» кытхуатх

● Пшыхьхъэр

Диплом плъыжь 563-рэ

Налшык дэт «Театр щхъуантIэм» иджыблагъэ щызэхэщащ Бэрбэч Хьэтлутlэ и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр диплом плъыжькIэ мы гъэм къэзыуха цIыху 563-м я щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхь дахэ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым цIыху куэд кърихьэлIат. Абыхэм яхэтт КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщыкъуэ ФэтIимэт, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, Бгылъэ щыпIэхэр джыным елэжь геофизикэ институтым и унафэщI Беккиев Мухэтар, КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министрым и къуэдзэ Нэзэр Беслъэн, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр, пшыхьыр зращIэкIэхэм я адэ-анэхэмэ я ныбжьыгъуэхмрэ.

Ялэу псалъэ иратащ Егоровэ Татьянэ.

- ПщIэ зыхуэсIуэ си щIалэгъуэхэ! Хуабжьу си гуапэщ мыпхуэдэ Iэхуэгъуэ дахэм сыхэтыну Iэмал къызэрысхуихуар, - жиIащ Егоровэм. - Илъэс бжыгъэкIэ фэ феджащ, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэфIкэр къзэрзалъэгъуэу, студентхэм я нэхъыфI дыдэу фыкъалытэу. Ар куэд и уасэщ. Иджы, фIыуэ фIьагъу Iэщlагъэхэр зэвгъэгъэтауэ, фэ фытохьэ гъуэгуанэщIэ. Сынывохьэхъу ар хуиту, Iэхуэгъуэфlхэмрэ цIыхуфIэкIэ гъэнщIауэ ефхьэкIыну, кIыхь фхуэхъуну. Фэ фщIыщ дэтхэнэми гъащIэм езым и увыпIэфI зэрыщIигъэтхынрии си фIэщ мэхъу. Зэвгъэгъэтауэ щIэныгъэмрэ Iэщlагъэмрэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и екъуIэныгъэм хуэвгъэлэжьамэ, си гуапэ хъунут. Аущ, дэнэкIэ вгъаззами, фи мурадхэр къывэхъулIэу, фи Iуэху дэкIыу фыпсэуну сыфхуохъуапсэ.

Къыдзэхуэсахэм я Iэгуаущхуэзэм щIэту утыкум кьихьащ университетым и ректор Альтуд Юрий. Абы диплом плъыжьхэр яритыжащ КъБКъУ-м и студент нэхъыфIхэм.

- ПщIэ зыхуэтщI ныбжьыщIахэ! Сэ икъукIэ сыщогуфIыкI къулыкъу лъагэхэр къыщIыфхуаГъэфащэ хъуну дипломхэр ныщхьэбэ къызэрыватыжым, зэвгъэгъэта щIэныгъэми ежьлIэныгъэфIхэр къыфхудэкIуэну си гуапэщ. Сынывохьэхъу фи зэIуэзэпэщыгъэм и лъабжьэу щытыну Iэнатlэм и мызакъуэу, фи псэм къыдыхьэ, фызыщыгуфIыкI лэжьыгъэ къэвгъэутыну, - жиIащ ректорым.

- Еджапlэ нэхъыщхьэр хъэзыухэсм я мызакъуэу, си гуапэу сынывохьэхъу адэ-анэхэми икIи фIыщIэхуэсу фхуэощ щIэблэ гъэсэным, щIэныгъэфI егъэгъуэтыным пыщIа Iэхуэхэр екIуу зэрызэфIэфхьфам папщIэ. Апхуэдэу сахуэзэрэсыну ди университетым и профессорхэмрэ и егъэджакIуэхэмри. Абыхэм я фIыгъэ куэд хэлъщ республикэм Iэщlагъэлыфхэр зэрыхуэдгъэхьэзырыфам.

Еджапlэ нэхъыщхьэр фIы дыдэу къэзыуахэм гуапэу зыхуагъэзащ Геккиев Заурм, Амщыкъуэ ФатIимэтми, нэгъуэщIхэми. ЩIалэгъуалэ пажэхэм екъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну, я мурадхэр кьайхъулIэну екъуэхъуащ ахэр.

Гуфlэгъуэ пшыхьыр ягъэдхащ КъБКъУ-м и «Каллисто», «АмикС» гупхэм. Къызэхуэсахэм папщIэ уэрэд дахэхэр жаIащ ди артист цIэрыIуэхэу Газаев Алим, Нэхущ Чэрим, ЦокIыл Азэмэт, Хьэжыкъарэ Сулътан, КIыщхэ Ислъамэ Каринэрэ, нэгъуэщIхэми.

Зэхуэсым и кIэхьиу псоми зэдгъэзэщIащ КъБКъУ-м и Гимныр.

ПIАЗ ФатIимэ.

● Тхьлъыщ1э

«Таурыхъ пхъуантэ»

Ди тхыгъэм фIэщыгъэ хуэтщIа цIэр тету иджыблагъэ дунейм къытехьащ Бязиевэ Тамарэ и къалэмыпэм къыпыкIа, сурэт гъэщIэгъуэн цIыкIуэхэмкIэ хъулей сабий тхылъ цIыкIу. Ар къыщыдгъэкIащ Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм.

КОТЛЯРОВ Виктор зэрыжиIэмкIэ, «Таурыхъ пхъуантэм» щIэзэхуэхьэсащ авторым илъэс зыбжанэм кърибыдэу сабийхэм яхуитха хъыбархэр, псысэхэр. Абыхэм я гупсысэ нэхъыщхьэр гуапагъэм, дахагъэм, зэхэщIыкIым, фIэщхъуныгъэм, гугъэ нэхум, дунейм и зэхэлъыкIэ хьэлэмэтым епхаэращ.

Тамарэ и лэжьыгъэм пщIэ лей хуэфащэщ, сыту жыIэмэ гъащIэм щытыкIэ гугъу щихуа, зи узыншагъэм сэкъат иIэ бзылъхугъэ цIыкIум (ар езы авторым щетх тхылъым и пэублэ псалъэм) хуэфIэкIащ къиГъэщI дэтхэнэ махуэри купщIафIэу, Iэхуэгъуэ зэпыIуэжьыгъуэхэмкIэ гъэнщIауэ ирихьэкIын, и гур мыкIуэту, къэкIуэнум къыхихыну фIым щыгугъыу. Курыт школыр екъулIэныгъэкIэ кьиухри, хьыджэбзым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ КъБКъМУ-м и «Духучёт и аудит» къудамэм, иужькIэ кьиухащ Москва дэт Гуманитар академием Налшык щIэ къудамэри, психолог Iэщlагъэр зригъэгъуэту.

ТхакIуэ ныбжьыщIэм дохъуэхъу и яп тхылъыр дунейм къызэрытехьамкIэ. Творческэ екъулIэныгъэщIэхэр дяпэкIи зыIэригъэхьэну ди гуапэщ.

КУЭШЭР Марьянэ.

● Егъэджэныгъэ

Iэмал ират

Дызэрыщыгъуаззэщи, мазэ кIуам зэфIэкIащ курыт школым и 11-нэ, 9-нэ классхэр къэзыухуэм ят хабзэ къызэрыщIагъэкI экзаменхэр. Еджакlуэхэм я нэхъыбапlэм хьарзынэу зэфIагъэкIащ къэщыгъэныгъэхэр, арщхьакIэ ныбжьыщIэхэм кьахэкIащ абыхэм япэмылъэщахэр. 9-нэ классыр къэзыуухэм ГИА-р зэратыж хъунум техуха хъыбар иджыблагъэ кьралъхьащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и сайтым.

АБЫ ЗЭРИТЫМКIЭ, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ УФ-м Егъэджэныгъэм кIэлъыплъыныжьмкIэ и къэрал Iэнатlэмрэ къащта Къызэрыщlагъэкl къэрал къэпщытэныгъэхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэ хабзэхэр я лъабжьэу, экзаменхэр щатыж пIалъэхэр яубзыхуащ. Ахэр екIуэкIынущ 2019 гъэм фокIадэм и 3 - 21 махуэхэм.

Къэпщытэныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ яIэщ:

- ГИА-хэм ящыщу предметитIым нэхъ р мынэхъыбэмкIэ «2» къэзыухэхэр;

- пIалъэ нэхъыщхьэм и лейуэ хаха махуэхэм (резерв) предметитIым нэхъ р мынэхъыбэмкIэ «2» къэзыухэхэр;

- зи узыншагъэм сэкъат иIэ ныбжьыщIэхэм ящыщу ята къэпщытэныгъэхэмкIэ зы предметым нэхъ р мынэхъыбэмкIэ «2» къэзыухэхэр;

Къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIым абы и хабзэхэр къызэрызэпаудам папщIэ къыщIагъэхьу зи лэжьыгъэхэм къару имыIэжу кьалъыта ныбжьыщIэхэмэ хуитныгъэ яIэщ 2019 гъэм и фокIадэм екIуэкIыну экзаменхэм хэтыну.

Къэпщытэныгъэхэм хэтынхэм абы техуха пIэлъу тхылъ щатхьн хуейщ щеджа курыт школхэм 2019 гъэм и шыщхьэIуэм и 19 пщIондэ. Ар Iэмалыфlщ еджэным 10-нэ классым щыпыщащымкIэ е курыт щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ щызрагъэгъуэт еджапlэхэм уи щIэныгъэм щыхэбгъэхъуэныжьмкIэ.

ЩОДЖЭН Мадинэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 13, *щIэбэт*

♦Къэзахстаным шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Черногорием и къэралыгъуэм и махуэщ. 1878 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногориер къэралыгъуэ щхьэхуиту зэрыщытыр Берлин конгрессым къIыпытащ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногорием къыщызэрыIэтащ фашизмэм, нацизмэм я бий цIыхубэр. А Iуэхугъуэхэрэ лъабжьэ хуэхъуар нобэ къэралым щагъэлъапIэ махуэшхуэм.

♦1697 гъэм Камчаткэ щIыналъэр Урысей къэралыгъуэм къыхихыащ.

♦1728 гъэм урыс хьдзэлI Беринг Витус зекIуэ екъащ. Камчаткэм и Iуфэм щыщIидзэри, абы ищхьэрэкIэ иунэтIащ. Америкэмрэ Азиемрэ яку псы дэжьапIэ зэриIэр Витус къыщихутар а экспедицэрщ. Нэхъ иужьыIуэкIэ абы Беринг и цIэр фIащауэ щытащ.

♦1830 гъэм Урысейм и император Николай Езанэм Iэ щIидзащ «Iэщlагъэ щрагъэгъуэт еджапIэм теухуауэ» унафэм. Абы щыубыхуар еджапIэ нэхъыщхьэ - иджыпсту Бауман Николай и цIэр зэрихьэу Москва дэт къралыгъэ техническэ университетыр – къызэIуихыным пыщIа Iуэхухэрт.

♦1882 гъэм Москварэ Петербургрэ япэ телефон станцхэм лэжьэн щыщIадзащ.

♦1908 гъэм Лондон IV гъэмахуэ Олимп Джэгуэгъэ къыщызэIуахащ. Абы япэ дыдэу цIыхубзхэри щызэпеуауэ щытащ.

♦1923 гъэм Лос-Анджелес пэмыжыжьэ Маунт-Ли бгы нэкIум «Голливуд» псалъэ цIэрыIуэр тратхащ.

♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) къыщызэIуахащ футболымкIэ япэ дунейпсо чемпионатыр. Къэрал 13-м я командэ къыхэхахэр хэтащ абы. Уругвайр абы чемпион щыхъуат.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Вильнюс къалэр къыщыIэщIыкIа хьэрэкIытIэхэр щыдрагъэлъэтеящ Петербург щыIэ Петропавловскэ быдапIэм.

♦1945 гъэм Париж къалэм щыIэ Пантеон Алексейрэ Кубасов Валерийрэ, США-м и астронавтхэу Стаффорд Томас, Брэнд Вэнс, Слейтон Дональд сымэ хьэрщыкъ къэжутэныгъэхэр зэгъусэу щрагъэкIуэкIауэ щытащ.

♦1990 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниер (ВГТРК) къызэрагъэпэщащ, абы и унафэщIу журналист, тхакIуэ Попцов Олег ягъэуващ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист **Шакъ Бесльэн** къызэралъхьэр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КъэфакIуэ, хореограф, СССР-м и цIыхубэ артист **Эсамбаев Махьмуд** къызэралъхьэр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, Iуэрыпуэтэдж, литературовед, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, КБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур** къызэралъхьэр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Iуэрыпуэтэдж, литературовед, критик, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, профессор **Пщыбий Инал** къызэралъхьэр илъэс 90 ирокъу.

♦МэкъумэшI щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ашэбокъуэ Леонид** къызэралъхьэр илъэс 80 ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ **Балъкъыз Батий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Башорэ Хьэмид** къызэралъхьэр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщыкIынущ. Хуабэр махуэм градус 22 – 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 14, *щIэбэт*

♦Иракым щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр. Къэралыр зи унафэм щIэт пащтыхыр 1958 гъэм тредзри, Иракыр Республикэ хабзэм зэрытеувэр хэIущIыIу ящIащ.

♦Осетие Ипщэм щыIэ мамырщIэкъу къарухэм я махуэщ

♦ Бастилиер (Париж) къыщащта махуэщ. Франджы революцэшхуэм щыщIидза махуэу ягъэлъапIэ ар.

♦1860 гъэм Урысейм и къэрал банкыр къызэрагъэпэщащ.

♦1867 гъэм Инджылызым щыIэ Рандхилл мывэ къыщIэхьыпIэм Нобель Альфред япэ дыдэу щигъэлъэгъуащ къигупсыса динамитым и лъэщагъыр.

♦1896 гъэм Новгород Ищхъэрэм щекIуэкIа выставкэм щагъэлъэгъуащ япэ урыс автомобилыр.

♦1897 гъэм Урысей къэралыгъуэм тхьэмахуэ махуэр зыгъэпсэхугъуэу зэрыщыщытынум теухуа унафэ кьащтащ.

♦1901 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ щIыхуэкIэ фадэм демыгъэхьэныным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦1909 гъэм къызэIуахащ Сочэ и иджырей зыгъэпсэхупIэ зэпэщхэм лъабжьэ яхуэхъуа «Кавказская Ривьера» санаторэр. ЦIыхухэм я нэгузэгъуэжьыпIафIу кьалъытэу ар нобэм къыздэсым мэлажьэ.

♦1917 гъэм Финляндием автономие игъэтащ.

♦1939 гъэм Магадан къуажэр къалэ хъущ.

♦1941 гъэм яп дыдэу зауэм къыщащгъэсэбэпащ БМ-13 Iэщэр, совет сэлэтхэм гъэфIэгъыцIэу «Катюша» зыфIащуэ щытар.

♦1945 гъэм Париж къалэм ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ. Япэ иту уэрамым ирикIуащ Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан.

♦1956 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къэрал пенсэхэм ятеуху законыр къищтащ.

♦1957 гъэм Налшык щекIуэкIащ СССР-м и ислъэпкъ псоми я тхакIуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта пшыхь гъэщIэгъуэн.

♦1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр кьафэмкIэ «Кабардинка» ансамблу зэрагъэкIащ.

♦1993 гъэм НТВ телеканалыр къызэрагъэпэщащ.

♦Адыгей тхакIуэ **Щоджэн Iэюб** къызэралъхьэр илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Куржы тхакIуэ, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зрата **Думбадзе Нодар** къызэралъхьэр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ Iэрыпуэу щыта, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1988 – 1991 гъэхэм лэжьа **Мамхэгъ Михаил** къызэралъхьэр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, тхакIуэ **ГутIэ Сания** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ **Пелагея Хановэ** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщыкIынущ. Хуабэр махуэм градус 22 – 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 15, *блыщхьэ*

♦ЩIалэгъуалэр IэпщIэлъапщIагъэм хуэгъэсэным и дунейпсо махуэщ

♦1776 гъэм Милан къалэм (Италие) къыщызэIуахащ иужькIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа «Ла Скала» театрыр.

♦1812 гъэм урысыдзэр Наполеон зэрытекIуам и щыкIэкIэ хьэрэкIытIэхэр щыдрагъэлъэтеящ Петербург щыIэ Петропавловскэ быдапIэм.

♦1923 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ «Аэрофлот» къэрал авиакомпаниер. Абы и япэ рейсыр а махуэ дыдэм ищIащ - Москва икIыу Новгород Ищхъэрэ къалэм кIуэхэр ишащ.

♦1939 гъэм Бахъсэн, Аруан, Iуащхьэмахуэ щыIэныгъэхэмкIэ районым газетхэр къыщыдэкIыу хуежьащ.

♦1970 гъэм ГАЗ-24 «Волга» совет автомобилыр куэду къыщIагъэкIыу щIадзащ.

♦1975 гъэм, дунейм апхуэдэ къыщымыкIуауэ, Совет Союзым и «Союз-19», Америкэм и «Аполлон» кхъухьитIыр зы махуэм хьэршым лъэтащ. МахуитI дэкIри, кхъухьхэр хьэршым щызэпыуващ икIи ди космонавтхэу Леонов Алексейрэ Кубасов Валерийрэ, США-м и астронавтхэу Стаффорд Томас, Брэнд Вэнс, Слейтон Дональд сымэ хьэрщыкъ къэжутэныгъэхэр зэгъусэу щрагъэкIуэкIауэ щытащ.

♦1990 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниер (ВГТРК) къызэрагъэпэщащ, абы и унафэщIу журналист, тхакIуэ Попцов Олег ягъэуващ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист **Шакъ Бесльэн** къызэралъхьэр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КъэфакIуэ, хореограф, СССР-м и цIыхубэ артист **Эсамбаев Махьмуд** къызэралъхьэр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, Iуэрыпуэтэдж, литературовед, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, КБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ашэбокъуэ Леонид** къызэралъхьэр илъэс 80 ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ **Балъкъыз Батий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Башорэ Хьэмид** къызэралъхьэр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщыкIынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ фрагъэблагъэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и 82-нэ театр лъэхъэнэр зэрызэхуащIыжьмкIэ хъыбар фагъащIэ республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ икIи фрагъэблагъэ япэу ягъэлъэгъуэну Губач Иржи и «Адъютантша его императорского величества, или КОРСИКАНКА» комедием. Лэжьыгъэр игъэуващ УФ-м и гъуэзджэхэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ Теувэж Сультан. Спектаклыр бадзэуэгъуэм и 26-мрэ 27-мрэ сыхьэт 19-м я гъэлъэгъуэнущ.

Лэжьыгъэр утыку къыщрахьэнущ Музыкэ театрым. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 42-17-87, 42-64-12.



АдыгэлI хъыжьэ

Хьэшыр Чылар и лIыгъэ

*... **ЦIыхухэр Iуащхьэмахуэ хуэкIуэрт. Дыгъэ бзий гуащIэхэм щахъумэн папщIэ абыхэм я нэкIуэм гын щахуащ. Экспедицэр 1829 гъэм генерал Эмануэль къызэригъэпэщат. ЩIэныгъэ Iуэхухэмкlэ жэуап ихьырт академик, геофизик цIэрыIуэ, минералог, Петербург щыIэ физикэ обсерваториием и къызэгъэпэщакIуэ икIи и яп директор Купфер Адольф (1799 - 1865). Гупым хэтт физик Ленц Эмиль. Зоологие къэхутэныгъэхэр и пщэ дальхьат иужькIэ Урыс энтомологие обществэр къыззыгъэпэща Менетрие Эдуард (1802 - 1861).***

МЕНЕТРИЕ дэIэпыкъурт илъэс 13 зи ныбжь Вознесенский Илья, щIэныгъэм хуабжьу хуэпабгъэ щIалэ цIыкIур. ИужькIэ Вознесенскэр музей коллекцэхэр зэхуэзыхьэс цIыху цIэрыIуэ хъуащ.

КъэкIыгъэхэр джыным теухуа лэжьыгъэр лъысащ ботаник Мейер Карл (1795 - 1858), иужькIэ ар академик икIи ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и Ботаникэ жыг хадэм и унафэщI хъуащ.

Эмануэль и жэрдэмкIэ Петербург еджагъэшхуэхэм яхьыхащ Мэжэрым щыщ зекIуэлI Бессе Янош. 1829 - 1830 гъэхэм абы Кавказымрэ Тыркымрэ къыщикIухьащ, Мэжэрымрэ Кавказымрэ щыпсэу лъэпкъхэм пасэ зэманым яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр къихутэу. Абы и къэхутэныгъэхэм лъабжьэ хуэхъуащ «**Кърымым, Кавказым, Куржым, Армением, Азие ЦIыкIум, Константинополь дызэрыщыIар**» тхылъыр, 1838 гъэм Париж къыщыдэкIар.

Художник папщIэу экспедицэм Эмануэль хигъэхьащ Кавказым и наранысрэ къыщIэжхэм я архитектор Бернардацци Иосиф (Джузеппе).

1829 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 19-м экспедицэм хэтхэр Петербург кьыдэкIащ икIи Константиногорск (апхуэдэущ абы щыгъуэм Псыхуабэ зэреджэу щытар) мазэм и кIэм нэсащ. Абы щежьэри, еджагъэшхуэ гупыр Балъкъ тет Мывэ Лъэмыж быдапIэм (иджы Каменномост къуажэщ) нэсащ. Мыбдеж къащыпэплъэт лъэсырыкIуэхэмрэ къэзакъхэмрэ зыхэт заузлI гупышхуэ. КъэхутакIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын папщIэ экспедицэм щыгъуэт лъэсырыкIуэхэу цIыху 650-рэ, къэзакъ 350-рэ. ТопитI иIэт. А псори щыгъуэу экспедицэр гъуэгу техьащ. Ящыныкъуэ махуэхэм километр щэщым нэс икIуфырт. Бадзэуэгъуэм и 8-м псори нэсащ Балъкъ къыхэлъадэ Харбас псым. Мыбдеж топхэр, нэгъуэщI хэпшыпхэр къыщагъанэри, Балъкъ аузым дэту дэкIуеягъ икIи абдеж къыщыцIыуащ.

Академик Купфер зи пашэ гупым зыхуигъэхьэзыру щIидзащ Iуащхьэмахуэ дэкIуеиным. Зыхуеину Iэмэпсымэхэр ягъэхьэзыращ. Эмануэль экспедицэм щыгъу къэзакъхэр, адыгэхэр, балъкъэрхэр зэхуишэсащ икIи абыхэм яжриIащ ялэу Iуащхьэмахуэ дэкIым саугъэту сом 400, етIуанэм сом 200 зэраритынур.

Бадзэуэгъуэм и 21-м пщэдджьжьыр сыхьэти 10-м Купфер, Ленц, Менетрие, Бернардацци, езыхэм яфIэфIу къахьыжьа къэзакъ тIощI, Гъуэгуегъэлъагъуэхэр я гъусэу, хэщIапIэм текIри, Кавказым и бгы нэхъ лъагэ дыдэм кIэрыхьащ.

СыхьэтихкIэ кIуа иужь, уэсым нэсахэщ. Ахэр лъэныкъуэ псомкIи кууэ къэча къыхрэм нэсащ. Зы къыгуэрым и щIагъым нэху къыщекIащ.

Бадзэуэгъуэм и 22-м жэщыр сыхьэтищым нэблагъауэ мазэм и нэхум хэту гупыр Уллу-Мамет-Дерку мыпылъэм нэсащ икIи Iуащхьэмахуэ и Къэкъыпlэ щыгум дэкIыу хуежьащ.

Мис мыпхуэдэу итхыжьауэ щытащ Купфер: «Ди гъуэгур зэм занщIэ, зэм нэшэкъашэ хъурт. Дыгъэм уэсыр кьимыгъэтIатIэ щыкIэ щыгум дынэсыну дызэрыхуащIэкъуам ди лъэбакъуэ тчыхукIэ. Хьэуар апхуэдизкIэ кьидэмэщIэкIырти, дыбауэ щхьэкIэ, тфIэкIуэда къарур зэфIэкIуэвжьыртэкъым. Лъынтхуэхэр хуабжьу къеуэрт. Си Iупэхэр мафIэм исурт, бгырысхэм я чэнджэщкIэ си нэкIум гын щысхуа пэтми, си нэхэм яхуэшэчыртэкъым дыгъэ бзий гуащIэхэр. Сыгупсысэжьыфыртэкъым, си щхьэр унаэрт. ИужькIэ дэ зыщыщдгъэпсэхуну мурад тщIащ Къыр фIыщIэжьым и щIагъым».

Метр 4270-м нэсауэ Купферрэ абы щыгъуэхэмрэ адэкIэ зэрымыкIуэжьыфынур белджылы хъуащ.

Экспедицэм хэтахэм ящыщу Хьэшыр Чылар и закъуэщ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м пщэдджьжьыр сыхьэт 11-м Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфар. «ЛIыгъэшхуэ зыхэлI адыгэлIым абдеж и башыр щыхитIащ, мывэхэмкIэ къиГъэтIылъыхьри. ИужькIэ къеохьжу хуежьащ, - къыщыгъэлъагъуэ Соколовэ Н. В. «1829 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ академиер Iуащхьэмахуэ зэрыщыIар» тхыгъэм. - Бгым дэкIыным абы тригъэкIуэдар сыхьэти 8 иримыкъуащ. Чылар щыгум кърихащ мывитI. Зыр Эмануэль ЩIэныгъэхэмкIэ академием хуригъэшащ, адрейр Бессе саугъэт хуищIащ, еджагъэшхуэр зыщыщ Пешт къалэм и музейм щIилъхьэн папщIэ.

Еджагъэшхуэхэмрэ Чыларрэ бгым зэрыдзкIым зэпымыууэ кIэлъыплъащ Iуащхьэ лъабжьэр зи хэщIапIэхэр. Эмануэль иныгт Купфер кърита нэрыплъэ гъуэзэджэр. ХэщIапIэм щыIэхэм ялъэгъуащ гупыр щхьэзрехьжьр, Ленц и увыIэпIэр, апхуэдэу Чылар щыгум зэрыдзкIар. Чылар щыгум нэса иужь Iуащхьэмахуэ къызэрагъэIурыщIам и щIыхькIэ хэщIапIэм фочхэр щагъэуащ.

«Щыгум нэсыфа Чылар дэ нэхъэрэ нэхъ Iэзэу къигъэсэбэпащ пщэдджьжьхь хьэуам и щIыIагъыр, - итхыжащ иужькIэ Купфер. - Ар дэ куэдкIэ ди яп уэсыр сыт хуэдэ зэмани зытемыкI щыIэпIэм нэсащ икIи Ленц езым и ужьрей увыIэпIэм щынэблагъам Чылар къигъэзэжауэ щыгум къехьжырт. Шынэ зымыщIэ щакIуэу щыт абы щыналъэр фIы дыдэу ицIыхурт икIи бгы лъагэхэм дэкIыфу зригъэсат. Ар хэщIапIэм дэ ди яп къэсыжащ, езым зэрихьа лIыгъэм папщIэ къызэригъэгуфа саугъэтыр Эмануэль кьыIихыну. Арщхьэкlэ иужьрейр дэ къытпэпльащ гуфIэгъуэр дызэхэту псоми тIэтын папщIэ.

Бгым кьехьжа Чылар яфIэтелъыджэу кьеплъырт экспедицэм хэт псори - ар иджыри къэс цIыху зыдэмыкIыфыну кьалъытэу щыта Iуащхьэмахуэ и щыгум щыIат. Ар ящыщынакъым лъагагъми, зэи къэмыткIу мылылъэхэми, а бгым и щхьэм нэса дэтхэнэри фIэкIыпIэ имыIэу зэрыхэкIуэдэнум теухуауэ лъэпкъым кьыдэгъэгуурыкIуэ хъыбарми. **ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту генерал Эмануэль гъуэгугъэлъагъуэ Хьэшыр Чылар сом 400-рэ цеипхэ щэкIрэ саугъэту иритащ.**

ЦIыхур япэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам къыхэкIыу 1829 гъэм шыгун плитауэ 2 ягъэжащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ Кушмэзыкъуей къуажэм (иджы Бахъсэн районым щыщ Старэ Крепость къуажэ) щыщ адыгэ мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIыр Iуащхьэмахуэ япэу дэкIащ.

БАЙДАЕВ Мусэ и «Им покоряются заоблачные выси» тхылъым (Налшык, 1979 гъэ) къыхэтхащ.

Яп альпинист

Альпинисту ар щытакъым,
Бгы дэкIыни имыIэхут.
ХамэщI цIыхухэр къыщIелъэIум,
Гъуэгугъэлъагъуэ ар яхуохъу.

Iуащхьэмахуэ ныдишыну
Абы ахэр ирешажьэ.
Ауэ бгыщхьэм нэс дэкIыну
ЗыIэлъкIар езым и закъуэщ.

Пшэ зэпцIахэм къахуеплъыхьу,
Бгым и щыгум зыщIилъыхьт.
Адыгэлlым, игу къэмыкIыу
Къыхуихьауэ лъэпкъым щIыхь.

БАЛЭ Хьэзрэт-Алий.
Кэнжэ къуажэ.
2009 гъэ

Лъэпкъым и фІыщІэ ин зыхуэфащэ щІэныгъэлІ

Пщыбий Инал Хъанджэрий и къуэр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

ЕгъэджакІуэ Іэзэ, къэхутакІуэ емызэшыж

Бадзэуэгъуэ мазэм и 15-м илъэс 90 ирокъу адыгэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Пщыбий Инал Хъанджэрий и къуэр къызэралъхурэ. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ адыгэ литературэм, Іуэрыіуатэм, щэнхабзэм я тхыдэр къыщихута тхыгъэ хьэлэмэт куэд.

ПЩЫБИЙ Инал Хъанджэрий и къуэр 1929 гъэм Нартан къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр фІы дыдэу къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и щІэныгъэм щылъэхъуащ. ИужькІэ аспирантурэм щеджащ. Студент илъэс-хэми аспирантурэм щыщІэсахэми иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ зыжьугъэ купщІафІэ Пщыбийм игъэхьэзырыращ 1962 гъэм ирихьалІэу. ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ техуэа а щІэныгъэ тхылъыр а илъэс дыдэм Черкесск кьалэм къыщыдэкІауэ щытащ. А лэжьыгъэ купщІафІэм папщІэ Пщыбийм къыфащауэ щытащ «Филологие щІэныгъэхэм я кандидат» цІэр.

Аспирантурэр къиуха нэужь, ди щІыналъэм лэжьаніЭ щимыгъуэту абы Щарджэсым игъэзэжащ икІи абы и пединститутым ирагъэблагъэри, студентхэр иригъаджэу хуэежащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, илъэс 42-м щІигъукІэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым щылэжьащ Пщыбий Инал. Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент, профессор цІэрыІуэр зыпэрыт Іэнатіэм дапщащи хуэпэжу лэжьащ.

Институтым щызэфІих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхэм кьыдэкІуэу Пщыбийм дапщэщи иригъэкІуэкІащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Абы и кьалэмпэм къыпыкІащ адыгэ литературэм къикІуа гъуэгуанэм, абы и зэхуэдакІуэхэм, тхакІуэхэм, усакІуэ пашэхэм я гуащІэм теухуауэ тхыгъэ купщІафІэхэр. Пщыбий Инал псом хуэмыдэу къаруушхуэ ирихьэлІащ адыгэ усакІуэ щэджащэ ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ джыным.

ЩІэныгъэлЫм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр щыізэхуэхьэса тхылъхэм кьалэм къыщыдэкІауэ щытащ. А лэжьыгъэ купщІафІэм папщІэ Пщыбийм кьыфащауэ щытащ «Псыпэ лъэужьыфІэ» (1993), «Зэманым и джэрпэджэж» (2000), нэгъуэщІхэри.

ЩІэныгъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ Пщыбий Инал къызэринкІэ нэгъуэщІ лэжьыгъэхэми. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Шэрджэсхэм зэрахьэ унэщІэхэмрэ щІэхэмрэ», «Адыгэ (шэрджэс) кьуажэхэмрэ лъэпкъ дамыгъэхэмрэ», «Адыгэ (шэрджэс) унэщІэхэр, тхакІуэхэр, телевиденэм, радиом и лэжьакІуэ хьэлэмэтхэр.

Пщыбий Инал куэд щІауэ сцІыхурт, ныбжькІэ зэрыдгъэхь щымыІэми, ар сэ тІэкІуэрэ езгъэджащ, аспирантурэм щыщІэсами сыдэлэпыкъуащ. Ауэ нэхъ гъэщІэгъуэнращи, дэ тІум ди зэрыщІыхуныгъэр зи фІыщІэр ПащІэ Бэчмырзэщ. Ленинград къэрал университетым сыщеджэу 1959 гъэм, къэбэрдей литературэм теухуауэ курс лэжьыгъэ стхын зэрыІуэ къыщыщІэкІым, къэдгъэсэбэпын гуэр зэрыщымІэм сре-гъэзэри, Ленинград сыкъокІ, Нартан къуажэм тхьэмахуитІкІэ сыкъокІуэ, усакІуэр зыщІыхуу щытахэм ящІэжхэр стхыну. Къуажэ советым и тхьамадэм сыщекІуалІэм, си хьэтыр кьелъагъури, кьыздэІэпыкъуну, ПащІэм и ныбжьэгъуэм я деж сишэну а зэманым абы и секретарь лэжьа Инал сигъэцІыхуауэ щытащ.

Иужькіэ Пщыбийм и кандидат диссертацэри щхьэхуэу кьыдэжІа тхылъри триухуауэ щытащ ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэмрэ и творчествэмрэ джыным. И щІэныгъэ лэжьыгъэр щыпхигъэжІыными сфІэфІ дыдэу сэбэп сыхуэхъуауэ щытащ.

Пщыбийр цІыху зэпІэзэрыпт, пэжым и телъхьэт, пщыІуэпщІыщэхэм, мыкъуамыщІэхэм сытым щигъуи защидзэкІт. Инал псэуху анэдэлъхубзэм, лъэпкъ Іуэрыіуатэмрэ литературэмрэ елэжьащ. Иджы езыр мыпсэужми, и Іэдакъэ къыщІэкІа и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр щІэблэщІэхэм дэтащ абы ирегъэщІа мэжджыт.

Апхуэдэ нэхъыжьыфІми и щапхъэхэм щІапІыкІащ ди адэ **Хъанджэрий**. И адэм хуэдэуи абыи цІыхухэм Іэхэутхьэбзэ яхуищІэн, я гуапэ иущын фІэфІт. Къэбэрдей псом щыяпэу 1916 гъэм Хъанджэрий езым и жэрдэмкІэ и тыкуэным кредит банк, хъуэж-щэжым хэтхэм я обществэ кьыщыізэІуихауэ щытащ. Абы Іэхэутхьэбзэ яхуищІэрт Кьыльышбийхьэблэм щыпсэухэм я мызакъуэу, гъунэгъу кьуажэхэмри: Мысостей, Брамтэ, Дыгъужьыкъуей, Шыпшхьэблэ, нэгъуэщІхэми дэсхэм.

Хъанджэрий Іуэхур зытрищІыхьыр зи гуащІэкІэ псэухэм сэбэп яхуэхъунырт. Ізым дежкІэ дзыхьщІыгъуэджэ кьалэнышхуэ зи пщэм дзэлитхъэжа Хъанджэрий цІыхубзм я пащхьэм щиІэ фІыщІэр, пщІэр administрацэм кьимылъытэу кьэнакъым. Абы мызэ-мытІэу гуапэу кьыхуэупсащ, Іэщэ зэрихьэну хуитынигъэ кьратащ.

Совет власти щыувагъащІэм, Мамыбэуцей бжьэпэм (иджы бдзэжьей къуэлэн гъэхъупІэм) деж кьыщыщІэж псынэм тращІыхьа щхьэлым икъуКІэ гугъу дехьащ Хъанджэрий, а щІыпІэр зэрышэдыпъэм кьыхэкІыу. Пасы хьумапІэу тІу щІын хуей хъуат: зыр бгы жьэгъум еуалІэу, адрейр щхьэлым нэхъ и гъунэгъуу. А ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм я ужьым кІэщІу иту, адрей псэуалъэхэри ищІу щІидзащ: псэупІэ унэр, амбарыр, джэдэщыр, гуэщыр, гуэлыр, бдзэжьей хьумапІэр.

Хъанджэрий и жэрдэмкІэ, и мылькукІэ ТІуащІэм щыщІызэрагъэпэща уней (фермер) ухуэныгъэхэм я хьыбарыр ежьащ. Ди адэм щІышхэу, мэкъумэшщапІэ, Шыпшхьэблэ, нэгъуэщІхэми дэсхэм.

Хъанджэрий Іуэхур зытрищІыхьыр зи гуащІэкІэ псэухэм сэбэп яхуэхъунырт. Ізым дежкІэ дзыхьщІыгъуэджэ кьалэнышхуэ зи пщэм дзэлитхъэжа Хъанджэрий цІыхубзм я пащхьэм щиІэ фІыщІэр, пщІэр administрацэм кьимылъытэу кьэнакъым. Абы мызэ-мытІэу гуапэу кьыхуэупсащ, Іэщэ зэрихьэну хуитынигъэ кьратащ.

Совет власти щыувагъащІэм, Мамыбэуцей бжьэпэм (иджы бдзэжьей къуэлэн гъэхъупІэм) деж кьыщыщІэж псынэм тращІыхьа щхьэлым икъуКІэ гугъу дехьащ Хъанджэрий, а щІыпІэр зэрышэдыпъэм кьыхэкІыу. Пасы хьумапІэу тІу щІын хуей хъуат: зыр бгы жьэгъум еуалІэу, адрейр щхьэлым нэхъ и гъунэгъуу. А ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм я ужьым кІэщІу иту, адрей псэуалъэхэри ищІу щІидзащ: псэупІэ унэр, амбарыр, джэдэщыр, гуэщыр, гуэлыр, бдзэжьей хьумапІэр.

Хъанджэрий и жэрдэмкІэ, и мыльукукІэ ТІуащІэм щыщІызэрагъэпэща уней (фермер) ухуэныгъэхэм я хьыбарыр ежьащ. Ди адэм щІышхэу, мэкъумэшщапІэ, мэл-бжэн, былым гъэхъупІэхэр хэтыжу зэриІэм, псэуалъэшхуэхэр зэрызэригъэпэщам я гугъур Къэбэрдей-Балъкъэрым и пашэ Къалмыкъ БетІал деж нэсащ. Куэд димыгъэкІыу Къалмыкъыр Хъанджэрий деж кІуащ. А тІум псалъэ быдэ зэІэпахащ: Хъанджэрий тыкуэным деж кьыщыщІэдзауэ, щхьэпри, псэуалъэхэри, быльмри, Іэщ щыкІуэри, джэдэщэри, бжьэ матэхэри - псори Совет властым ирет, Къалмыкъыми ар зэхэзехуэн имыщІу ефэпсэу.

Хъанджэрий и уней мылькур, ухуэныгъэхэр Совет властым тыгъэ хуищІа нэужь, Къалмыкъ БетІал и нэІэ тету абдежьым кьыщыізэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и облисполкомым и пригороднэ хозяйствэ» цІэр зыфІащА Іэхуущ1апІэр. Абы и япэ унафэщІу яГъэуящ Хъанджэрий и кьуэ **Хьэжысмел** - ди кьуэш нэхьыжьыр. 1937 гъэм ар Сыбырым, ди шыпхъу нэхъыжь **Хутэ** Къэзахстаным яшащ икІи тутнакъыу илъэси 10-м нэскІэ щаІыГъащ.

Хэку зауэшхуэм щІидза нэужь, ди кьуэш нэхъыжьым кьыкІэлъыкІуэ **Мухьэмэд** 115-нэ шуудзэм хэту фронтым кІуащ, ешыр лъатхэлъым статья 32-рэ итщ. Абыхэм щІэныгъэІлым щызэпкърех КІыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулыхь, Шортэн Аскэрбий, Гъуэщокъуэ Хьусин, Бемырзэ Мухьэдин сымэ я ІэдакъэщІэкІэр. Гъэщ1эгъуэну етхыж Щоджэнщ1ыкІу Алий Шэрджэсым 1936 гъэм зэрыщыІар, абдеж щитха «Іэдииху» усэр къызыкІар.

Пщыбий Инал зэдиХу щытащ литературэри адыгэбзэри егъэджэнымрэ къэхутэнымрэ. Абы псалъалъэу тІу къыдигъэкІащ: «Синонимхэм я псалъалъэ» (1971), «Антонимхэм я псалъалъэ» (1989). Бзэм, литературэм, Іуэрыіуатэм, этнологием теухуауэ тхылъ, псалъалъэу, программэхэу 13 щхьэхуэу дунейм кьытригъэхьащ.

Пщыбийр Къэбэрдейм къыщыхъуами, и гъащІэдэкІымрэ зыхилъхар инджыджэс адыгэхэу, нобэ «шэрджэс» цІэр къызыхуэнахэм я быныхэр егъэджэнырщ, щІэныгъэм хэшэныгъ. Ар кІудым фІыуэ кьалъэгъуэрт и къаРлэнхэр зэригъэзэщІам кьыпэкІуэу. Цыху гуапэт, адыгэ хабзэм хуэпэжт, арат ар щІэблэм я щапхъэу щыщытыр. Сэ илъэс куэдкІэ сыщытащ ар щылэжьа кафедрэми, факультетми я унафэщІу, ауэ Инал зэи щхьэусыгъуэ кьызитакъым и Іуэху зехьэкІэм теухуауэ дагъуэ хуэсщІыну. Дэнэ кьуажэ сыкІуами, иригъаджауэ щыта студентхэми, абы я адэ-анэхэми, кьэзыщІыхуу щытахэми зэи сыблагъэкІакъым, «Инал дауэ щыт?» жамыІэу.

Профессор Пщыбий Инал ди нэхъыжьыфІу илъэс куэдкІэ зыхьтхэтащ. И щІэныгъэмрэ и цІыхугъэмрэ, псэемыблэжу зэрылэжьамрэ хуэфэщэн пщІэрэ щІыхьрэ кьыпэкІуащ Инал и гуащІэм. Дунейм ехьажа нэужь, абы и цІэр фІащащ зыми химыльхъэу фІыуэ илъагъуу щыта и нуьажэжь Нартан и зы аджапІэм.

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щыщыІэжьа зэманым абы хэзгфІэкІащ адыгэхэм я мызакъуэу, абазэхэми, нэгъуейхэми, къэрэшейхэми, урысхэми фІыуэ закъриГъэльгъун: и ІэхуухэмкІэ, и дуней тетыкІэмкІэ, и псалъэ шэрыуэхэмкІэ, и адыгэгъэкІэ. Инал Нартан щыхэса жыгхэр иджыри мэгъагъэ, кьапокІэ пхъэщхьэмыщхьэ. ХьахуиГэнащ и бынхэм льапси, зэрылэжьэн ІэщІагъи. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр - ахэр зыгъэин, зыгъэдахэ адэщІэ щхьэпэ кьызэрыхуигъэнарщ.

БАКІУУ Хьанджэрий,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

● Лэжьэгъум и псалъэ

ЩІэин мыкІуэдыж

Зы унагъуэм и къэкІыкІакІам утепсэлъыхьын папщІэ, и къежьапІэр умыщІэмэ, Іуэхум и пэжыпІэр гурыІуэгуей хъунущ. Ди адэр, Пщыбий Хъанджэрий Къазий и къуэр, Нартан (Къулышбийхьэблэ) пщІэшхуэ зыхуащІу дэса цІыху нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщащ. Ди адэшхуэ Пщыбий Къазий я къарукІэ зэрагъэпэщыжауэ мылъку нэхъыбэ зыбгъэдэлъхьэн (иджы фермер жыхуэтІэхэм) хабжэрт.

КЪАЗИЙ псэукІэ дахэ иІэу, зыхэпсэукІын мылъку бгъэдэлъу, зи хьэмтетыгъуэу щытахэм Іуэхутхьэбзэ къаригъащІэу, нэмыс зыхуригъэщІыфу екІуэкІащ. Къэбэрдейм и тет Къулышбий Льостэнбэч Къазий дежи муслъымэнхэм я махуэ гъапІэхэм кьакІуэурэ и Іэр кьиубыду, хуэхьэщІэу, пщІэшхуэ кьыхуищІу щытащ. Къазий апхуэдэу къэгъуэгурыкІуами, цІыхухэм закъыхигъэщІну зэи хэтакъым. Лы губзыгъэу, цІыху щабэу, гуапэу щыта ди адэшхуэм нэхъ зыльэмыкІэм мылъкукІэ защІигъакъуэт, псалъэ гуапэ яжриІэрт, игъэгушхуэрт. Ди адэшхуэр тІэунейрэ хъжьыщІ Мэзэм щыІащ, дэфтэрхэм кьыізэрыгъэлъэгъуамкІэ. Кьыулышбийхьэблэ кьуажэкІэм дэтащ абы иригъэщІа мэжджыт.

Апхуэдэ нэхъыжьыфІми и щапхъэхэм щІапІыкІащ ди адэ **Хъанджэрий**. И адэм хуэдэуи абыи цІыхухэм Іэхутхьэбзэ яхуищІэн, я гуапэ иущын фІэфІт. Къэбэрдей псом щыяпэу 1916 гъэм Хъанджэрий езым и жэрдэмкІэ и тыкуэным кредит банк, хъуэж-щэжым хэтхэм я обществэ кьыщызэІуихауэ щытащ. Абы Іэхутхьэбзэ яхуищІэрт Кьыулышбийхьэблэм щыпсэухэм я мызакъуэу, гъунэгъу кьуажэхэми: Мысостей, Брамтэ, Дыгъужьыкъуей, Шыпшхьэблэ, нэгъуэщІхэми дэсхэм.

Хъанджэрий Іуэхур зытрищІыхьыр зи гуащІэкІэ псэухэм сэбэп яхуэхъунырт. Ізым дежкІэ дзыхьщІыгъуэджэ кьалэнышхуэ зи пщэм дзэлитхъэжа Хъанджэрий цІыхубзм я пащхьэм щиІэ фІыщІэр, пщІэр administрацэм кьимылъытэу кьэнакъым. Абы мызэ-мытІэу гуапэу кьыхуэупсащ, Іэщэ зэрихьэну хуитынигъэ кьратащ.

Совет власти щыувагъащІэм, Мамыбэуцей бжьэпэм (иджы бдзэжьей къуэлэн гъэхъупІэм) деж кьыщыщІэж псынэм тращІыхьа щхьэлым икъуКІэ гугъу дехьащ Хъанджэрий, а щІыпІэр зэрышэдыпъэм кьыхэкІыу. Пасы хьумапІэу тІу щІын хуей хъуат: зыр бгы жьэгъум еуалІэу, адрейр щхьэлым нэхъ и гъунэгъуу. А ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм я ужьым кІэщІу иту, адрей псэуалъэхэри ищІу щІидзащ: псэупІэ унэр, амбарыр, джэдэщыр, гуэщыр, гуэлыр, бдзэжьей хьумапІэр.

Хъанджэрий и жэрдэмкІэ, и мыльукукІэ ТІуащІэм щыщІызэрагъэпэща уней (фермер) ухуэныгъэхэм я хьыбарыр ежьащ. Ди адэм щІышхэу, мэкъумэшщапІэ, мэл-бжэн, былым гъэхъупІэхэр хэтыжу зэриІэм, псэуалъэшхуэхэр зэрызэригъэпэщам я гугъур Къэбэрдей-Балъкъэрым и пашэ Къалмыкъ БетІал деж нэсащ. Куэд димыгъэкІыу Къалмыкъыр Хъанджэрий деж кІуащ. А тІум псалъэ быдэ зэІэпахащ: Хъанджэрий тыкуэным деж кьыщыщІэдзауэ, щхьэпри, псэуалъэхэри, быльмри, Іэщ щыкІуэри, джэдэщэри, бжьэ матэхэри - псори Совет властым ирет, Къалмыкъыми ар зэхэзехуэн имыщІу ефэпсэу.

Хъанджэрий и уней мылькур, ухуэныгъэхэр Совет властым тыгъэ хуищІа нэужь, Къалмыкъ БетІал и нэІэ тету абдежьым кьыщызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и облисполкомым и пригороднэ хозяйствэ» цІэр зыфІащА Іэхуущ1апІэр. Абы и япэ унафэщІу яГъэуящ Хъанджэрий и кьуэ **Хьэжысмел** - ди кьуэш нэхъыжьыр. 1937 гъэм ар Сыбырым, ди шыпхъу нэхъыжь **Хутэ** Къэзахстаным яшащ икІи тутнакъыу илъэси 10-м нэскІэ щаІыГъащ.

Хэку зауэшхуэм щІидза нэужь, ди кьуэш нэхъыжьым кьыкІэлъыкІуэ **Мухьэмэд** 115-нэ шуудзэм хэту фронтым кІуащ, ешыр лъатхэлъым статья 32-рэ итщ. Абыхэм щІэныгъэІлым щызэпкърех КІыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулыхь, Шортэн Аскэрбий, Гъуэщокъуэ Хьусин, Бемырзэ Мухьэдин сымэ я ІэдакъэщІэкІэр. Гъэщ1эгъуэну етхыж Щоджэнщ1ыкІу Алий Шэрджэсым 1936 гъэм зэрыщыІар, абдеж щитха «Іэдииху» усэр къызыкІар.

Пщыбий Инал зэдиХу щытащ литературэри адыгэбзэри егъэджэнымрэ къэхутэнымрэ. Абы псалъалъэу тІу къыдигъэкІащ: «Синонимхэм я псалъалъэ» (1971), «Антонимхэм я псалъалъэ» (1989). Бзэм, литературэм, Іуэрыіуатэм, этнологием теухуауэ тхылъ, псалъалъэу, программэхэу 13 щхьэхуэу дунейм кьытригъэхьащ.

Пщыбийр Къэбэрдейм къыщыхъуами, и гъащІэдэкІымрэ зыхилъхар инджыджэс адыгэхэу, нобэ «шэрджэс» цІэр къызыхуэнахэм я быныхэр егъэджэнырщ, щІэныгъэм хэшэныгъ. Ар кІудым фІыуэ кьалъэгъуэрт и къаРлэнхэр зэригъэзэщІам кьыпэкІуэу. Цыху гуапэт, адыгэ хабзэм хуэпэжт, арат ар щІэблэм я щапхъэу щыщытыр. Сэ илъэс куэдкІэ сыщытащ ар щылэжьа кафедрэми, факультетми я унафэщІу, ауэ Инал зэи щхьэусыгъуэ кьызитакъым и Іуэху зехьэкІэм теухуауэ дагъуэ хуэсщІыну. Дэнэ кьуажэ сыкІуами, иригъаджауэ щыта студентхэми, абы я адэ-анэхэми, кьэзыщІыхуу щытахэми зэи сыблагъэкІакъым, «Инал дауэ щыт?» жамыІэу.

Профессор Пщыбий Инал ди нэхъыжьыфІу илъэс куэдкІэ зыхьтхэтащ. И щІэныгъэмрэ и цІыхугъэмрэ, псэемыблэжу зэрылэжьамрэ хуэфэщэн пщІэрэ щІыхьрэ кьыпэкІуащ Инал и гуащІэм. Дунейм ехьажа нэужь, абы и цІэр фІащащ зыми химыльхъэу фІыуэ илъагъуу щыта и нуьажэжь Нартан и зы аджапІэм.

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щыщыІэжьа зэманым абы хэзгфІэкІащ адыгэхэм я мызакъуэу, абазэхэми, нэгъуейхэми, къэрэшейхэми, урысхэми фІыуэ закъриГъэльгъун: и ІэхуухэмкІэ, и дуней тетыкІэмкІэ, и псалъэ шэрыуэхэмкІэ, и адыгэгъэкІэ. Инал Нартан щыхэса жыгхэр иджыри мэгъагъэ, кьапокІэ пхъэщхьэмыщхьэ. ХьахуиГэнащ и бынхэм льапси, зэрылэжьэн ІэщІагъи. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр - ахэр зыгъэин, зыгъэдахэ адэщІэ щхьэпэ кьызэрыхуигъэнарщ.

БАКІУУ Хьанджэрий,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

ЕгъэджакІуэ Іэзэ, къэхутакІуэ емызэшыж

Бадзэуэгъуэ мазэм и 15-м илъэс 90 ирокъу адыгэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Пщыбий Инал Хъанджэрий и къуэр къызэралъхурэ. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ адыгэ литературэм, Іуэрыіуатэм, щэнхабзэм я тхыдэр къыщихута тхыгъэ хьэлэмэт куэд.

ПЩЫБИЙ Инал Хъанджэрий и къуэр 1929 гъэм Нартан къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр фІы дыдэу къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и щІэныгъэм щылъэхъуащ. ИужькІэ аспирантурэм щеджащ. Студент илъэс-хэми аспирантурэм щыщІэсахэми иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ зыжьугъэ купщІафІэ Пщыбийм игъэхьэзырыращ 1962 гъэм ирихьалІэу. ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ техуа а щІэныгъэ тхылъыр а илъэс дыдэм Черкесск кьалэм къыщыдэкІауэ щытащ. А лэжьыгъэ купщІафІэм папщІэ Пщыбийм кьыфащауэ щытащ «Филологие щІэныгъэхэм я кандидат» цІэр.

Аспирантурэр къиуха нэужь, ди щІыналъэм лэжьаніЭ щимыгъуэту абы Щарджэсым игъэзэжащ икІи абы и пединститутым ирагъэблагъэри, студентхэр иригъаджэу хуэежащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, илъэс 42-м щІигъукІэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым щылэжьащ Пщыбий Инал. Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент, профессор цІэрыІуэр зыпэрыт Іэнатіэм дапщащи хуэпэжу лэжьащ.

Институтым щызэфІих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм кьыдэкІуэу Пщыбийм дапщэщи иригъэкІуэкІащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Абы и кьалэмпэм къыщІэкІащ адыгэ литературэм къикІуа гъуэгуанэм, абы и зэхуэдакІуэхэм, тхакІуэхэм, усакІуэ пашэхэм я гуащІэм теухуауэ тхыгъэ купщІафІэхэр. Пщыбий Инал псом хуэмыдэу къаруушхуэ ирихьэлІащ адыгэ усакІуэ щэджащэ ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ джыным.

ЩІэныгъэлЫм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэм

● Псалъэжьхэр

Псэр ящэри, напэ къащэху

♦Уи хъуэрыбзэ зымыщІэм уи гухэлъ жумыІэ.
♦Дыгъуэм и кІэр мыгъуэ мэхъу.
♦Зи щхьэ ильым и щхьэ урильытынщ.
♦Куэд къыубкмэ, уи тхьэмадэжь и цІэри къыхэхуэнщ.
♦ЛІам гукъанэ хуащІыжыркъым.
♦ЛІыкІуэ ауКІыркъым.
♦МащІэр фІыщІэ зымыщІым куэдри фІыщІэ ищІынукъым.
♦Нысэ мыхъунур жьантІакІуэщ.
♦Псэр ящэри, напэ къащэху.
♦УзыщІымыгугъын ущыгугъмэ, уи гурыгъыр ижынщ.
♦Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъутэ.
♦Уи напщІэ темыльть тумылъхьэ.
♦Уи щхьэм иумыпсэымкІэ нэгъуэщІым уху эмыуплсэ.
♦УмыщІэм ущІэупщІэныр емыкІукъым.
♦ФІы зыхуэпщІэм иумыхъуэныж.

● ЖыІэгъуэхэр

Къыумылэжьа фІыщІэмрэ мылъкумрэ хъер пылъкъым

♦Унэгуащэ хахуэм мащІэри куэд ещІыф, хуэмыхум куэдри мащІэ ІэщІохъуэ.
♦Унагъуэм къаугъэ илъмэ, быным я лъэр щІэкІыркъым.
♦Унэгуащэр ялэ ищмэ, лІым и гъащІэр къоуфэрэнкІ.
♦ЩІхьэгъусэ нэгъэсам цІыхухъу лІыгъэншэри гушхуэ ещІыф.
♦Зи мылъку зыфІэмащІэр гъунэжщ – зи акъыл зыфІэмащІэ гуэныгъуейщ.
♦Зи мылъку щыхьыракъым нэпсейр, нэгъуэщІым и мылъку ззэпылъэфэлІэну хэтращ.
♦И гуащІэ зыхэмылъым щыхьыр мащІэщ.
♦Къыумылэжьа фІыщІэмрэ мылъкумрэ хъер пылъкъым.
♦Къулыкъум хэти пщІэ кърелэжь, хэти и напэр хелъхьэ.
♦Лэжьыгъэ удэзыхьэхыр тынщщ.
♦ЛІы зэрагъэунэхур и Іуэхущ.
♦МащІэр фІыщІэ зымыщІым нэхъыбэ хуэфащэкъым.
♦МыгъэззщІа унафэм унафэ зыщІым и пщІэр егъэкІуэд.
♦Нэпсейр мылъкукІэ щІэбгъэнами, зыгуэр къыхуэту къыщохъу.
♦ПщІэ зыхуамыщІ нэхъыжым и унафэр гъэззщІэгъуейщ.
♦Уи гугъуехь зыхэмылъыр гуэшыгъуафІэщ.
♦ЖимыІэм утегуэзвыхь нэхърэ, уиІэм щыгуфІыкІ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Кіыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу

ТхакІуэхэу КІыщокъуэ Алим, КІэщт Мухьэз, Сокъур Мусэрбий, Мэзыхьэ Борис сымэ загъэпсэху.
Шэджэм мзз. 1984 гъэ

● Тхыгъэ кІэщІхэр

Іэмал

Асльэнхэр циркым щызыгъасэ щІалэщІэр шынэ хъуат. Абы къыфІэщІырт асльэнхэм кьепхъуэн хуэдэу зашІу. ГъэсакІуэм ищІэрт апхуэдэ гупсысэхэр уи щхьэм иту абыхэм уахьихьэ зэрымыхъунур. Сыт атІэ Іэмалыр? Сыт ищІэнур? АбыкІэ ар ечэнджэщащ гъэсакІуэ нэхъыжьым икІи елъэІуащ и гъусэу кІуэуэ асльэнхэм я щытыкІэм еплъыну.

ГъэсакІуэ нэхъыжьым игу ирихьакъым асльэнхэм зэрызащІыр.

- НтІэ, сыкъыпыкІын ахэр гъэсэным? – жеІэ нэхъыщІэм.

АрщхьэкІэ модрейм ар идакъым.

- Хьэуэ, ар хъунукъым, - жиІащ абы. – Іэмал щыІэщ, теувапІэхэр зэхъуэкІын хуейщ. Ахэр бгъуэІуэщи, асльэнхэр хуиту, кьехуэхынкІэ мышынэу тетщ.

Арати, теувапІэхэр нэхъ щыкІу, нэхъ бгъуэз ящІащ. Иджы асльэнхэр шынагъуэ еплъыжьркъым я гъэсакІуэ щІалэм, зи Іуэху зэрахуэр, зэпымыууэ зэгупсысыр я теувапІэ бгъуэзэхэм кьемыхуэзыныщ.

ГУРУНЦ Леонид,
ермэлы тхакІуэ.

Зэзыдзэкіар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

● Къуажэхьхэр

Кхъузанэм из мыхъур сыт?

Лъакъуэ щІэмыту щІылъэм щызекІуэ.
Дамэ темыту уафэм дэкІуей.

Псыхъуэм дэлъхэм я нэхъыбэ,
Бэр ежами, кьахуэмыбж.

Хадэ гъунэм щызежэ,
Ди гъунэгъум ежэкІ.

Кхъузанэм из мыхъур сыт?

Жым кьрихуэкІ,
Псым зэи кьыхэмыкІ.

КІэ зимыІэ хъупІэрэ
Бжыгъэншэ хъушэрэ.

Удзым кьытелыдыкІ,
Дыгъэм трищыпыкІ.

Зэхэзылъхьар ЩОДЖЭН Леонидщ.

● Прозэу тха усэ

Щэху

Макъамэ гуапэм ещхьщ уэ птеухуа гупсысэр. А макъамэр зэхэсхыху, дунейр нэхъ дахэ хъууэ къысщохъу. А макъамэм удзыр догъагъэ, псынэпсыр доуэрщэр, уафэ лъащІэм срегъалплъэ. Апхуэдиз дахагъэ къызэрыщІыр уи нэгу зэлъыпухарщ. Хьэуэ, уэ езым уи нэгу дыдэм апхуэдэу хуиту сиплъэфын, насыпри сПэжьжьэлъэщ – зи гугъу сщІыр уи суэрэтырщ. Аращ гукъэкІыжьым сыхэзыщэжьр.

ГукъэкІыж... ГурыщІэм зыкъыхиукъуэдият си гъащІэм. Си Іуэху лъэпкъ хэмылъу ар си гум уэ пхуэхиха гурыщІэт. Си гупсысэр зэрыхуейуэ абы уэ птриуухуат. Гур нысфІэкІуэсэрэ, куэд дыди зыхимыщІыкІ уи гъащІэм зыщигъафІэрт. Ирикъуртэкъым зыгъэфІэнкІи. Пщэдджыжь хьэуэ къабзэкІэ ирикъу зэрыщымыІэм хуэдэт. Си Іэр ныпхуэсшиямэ, си Іэпэр бубыду уи лъахэм сипшэну къысщыхъурт. Іэджэуи дахэу къыщІэкІынщ а лъахэр... дыгъэпсыр удз псыгъэхэм яхуэгуапэу, псынэпсыр зэнэзныпсу къабзэрэ-къабзэу, уафэр бзыгъэу, бзухэм я уэрэдым а псор нэхъри гуакІуэ щІэхъуКІыу. Си фІэщ хуэкъуэсхІыуи. Псэ къабзэм и лъахэм ахэр щыхабзэкъым. Абы сипшамэ, сигу пэщыху, уи нитІым сыщІэплъэнт, си гур уи Іэгум нислъхьэнт, си гъащІэр уэстынт. Уэри абы ущыгуфІыкІыну хъунт. Ауэ... А гур уэ тыгъэ пхуэсщІын щхьэкІэ, зыгуэрым къытесхьн хуей хъунт. СыткІэ ухуейт уэ зыгуэрым и насып зыгъэльэпэрэпа, и гъащІэр зэхэзэыуІухьа гу?! Ар си щІыбагъкІэ къыщынэ гъащІэ Іыхьэт. СиутІыпщыртэкъым, зы лъэбакъуэ закъуи нызигъэчьыртэкъым. МащІэуи сыхуэзгуэпырт, уи деж сынэзышэну гъуэгур зэрыуІуищІэм щхьэкІэ. Ауэ, ари сэрат зи гъащІэр, сэ езым сыуухэжат. Налъэ-налъэу, ткІуэпс-ткІуэпсу, сыхуэзакъыу, сегугъуу. Иджы дэнэ схьыжьн?! КъзэгъэІэса, ззэгъэса гъащІэр хыфІэздзэу дакьикъэм схуэгъэщэщжьынутэкъым.

ГъащІитІыр зэдекІуэкІыфынутэкъым, апхуэдиз нурым нэр щигъэунКІыфІыкІынут. Абы насыпыншагъэ къыхэкІынри зыхуэІуа щыІэтэкъым...

Арати, къыскІэлъыхъуапсэу си щІыбагъ къыддэна гъащІэм зэгъэзэкри, мыдрейм си гур къыхэзнащ. ТІури Іыхьэншэ хъакъым. Ауэ гур зеймэ дэнэ щищІэн апхуэдэ тыгъэ хуащІауэ... Апхуэдэ къулеяГъэ иІэу и пщІыхьэпІи къыхэхуэу къыщІэкІынукъым. Ауэ щыхъуКІи, гур насыпыфІэщ. ИІэщ зыми зэхимыха, нэбгъэзкІи зыІымыплъа щэху. ЛъагъунытІэ щэху.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Гушыіэхэр

Мыхъунур хэдзи

Бердрэ Бибердрэ зэныбжьэгъут. Зы хьэблэ щалъхуат, зы класси щеджат, дзэм щашами, зы ротэ хэтат. Зэгъусэу лажьэрт. ПлъагъунутэкъымаТ а тІур зэмыдауэу, зэрымыгъэкІийуэ. Бердэ зы гъэшхауэ пІащт, Биберд абы и бгырыпх пхапІэм нэс къудейт. Берд ауан щІыпІэу иІэр Бибердт. Мыдрейми и ныбжьэгъум кІэщІэпІэскІуэныр зыхилъхьэ щыІэтэкъым. КІэщІу жьипІэмэ, зэрыльагъууи зэрымыльагъууи хъуртэкъым. Махуэ гуэрым Іуэху иІэу а тІур щызэхуэзэну сыхьэт бжыгъэм Биберд къыкІэрыхуат.

А Іуэхум игъэгубжьа Берд и ныбжьэгъур къыззэрысу жьэхэлъащ:

- Мырелъ мыр, си кІагъэжь хьифІэзддзэжам къыхадыкІа лъэпэд кІэщІ нэхъей! Щхьэ укъыкІэрыхурэ?

- Сыхуитти сыкъыкІэрыхуащ! Уи Іуэху хэлъ сыкъыщыкІэрыхуам?!

- Тхьэм щхьэкІэ фыкъысхуеплъыт мы хугу хьэдзэм парашютКІэ кьепкІэ щхьэ щІыкІу макъышхуэм! Мыр зи щІыкІуагъ укъигъэпэжьн?

- Уэ мыхъуну пхэпІыр пхадзмэ, сэ схуэдизи къыпхэнэжынукъым! – икІуэтакъым Биберд.

ДУМЭН Мурадин.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Тебэкіэ гъэжьа былымыл гъэгъупщіа

Лы гъэгъупщІар см 2 и Іувагъыу, г 40-50 хъууэ, хуэкІыхь цІыкІуурэ зэпаупщІ. Сэхуран дагъэр тебэкІэ къагъэплъ, абы лы упщІэтар халъхьэ, дакьикъи 4 - 5-кІэ ягъажьэ, зэрагъэдзэжІри мафІэр цІыкІу ящІ, и щхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху дакьикъэ 20-25-кІэ ягъажьэ зэІащІэурэ. Іэнэм щытрагъэувэжІэ пІастэ хуабэр бэлагъыщхьэурэ тепщэчьм ираЛъхьэ, абы и щІыІум лы гъэжьа пщтыкыр тралъхьэж, лыр зэрагъэжьа дагъэри тракІэж.

Халъхьэжэр (зы цІыху Іыхьэ): *лы гъэгъупщІауэ - г 260-рэ, сэхуран дагъэр - г 50.*

Шху

Шэр кІэримысхьэн щхьэкІэ, шыуаным псы щІыІэ ирагъэжьых, итІанэ шэр иракІэри пэшхьэкум трагъэувэ, мафІэ цІыкІу дыдэм тету, и щхьэр техауэ дакьикъэ 25 - 30-кІэ ягъэпщт. Кьытрахьж, и хуабагъыр градус 45-м нэсыху ягъэупщІыу, абы шэ хуабэ тІэкІу зыхэт шхупцІатэ хакІри фІыуэ зэІащІэж. Шэм и щхьэр трапІэ, зэщІауфэри хуабапІэм сыхьэтитІкІэ щагъэт.

Ар зэрыт кІэструлыр ягъэхьейркъым. Бгъэхьеймэ, шхур пцІэнукъым е пцІэгъуей хъунущ. Шэр пщтырыІуэу шхупцІатэр ебдзмэ, шхур гуащІэ мэхъу, упщІыІуауэ ебдзмэ - шхур пцІэгъуей пфІэхъунущ.

Шху пцІар зэщІаху ямыгъэсыху щыІапІэм ягъэув икІи упщІыІуху щагъэт. Іэфі ящІыну хуеймэ, щагъапцІэкІэ фо е фошыгъу халъхьэ хъунущ. ЩІакхъуэ, лэкъум, мэжаджэ, чыржьн, пІастэ дашх. Къудейуи ираф.

Халъхьэжэр: шэуэ - г 2000, шхупцІатэу - г 50, псы щыІэу - г 50.

«Лъэпкъ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ЖыІэгъуэхэр

Къыумылэжьа фІыщІэмрэ мылъкумрэ хъер пылъкъым

♦Унэгуащэ хахуэм мащІэри куэд ещІыф, хуэмыхум куэдри мащІэ ІэщІохъуэ.
♦Унагъуэм къаугъэ илъмэ, быным я лъэр щІэкІыркъым.
♦Унэгуащэр ялэ ищмэ, лІым и гъащІэр къоуфэрэнкІ.
♦ЩІхьэгъусэ нэгъэсам цІыхухъу лІыгъэншэри гушхуэ ещІыф.
♦Зи мылъку зыфІэмащІэр гъунэжщ – зи акъыл зыфІэмащІэ гуэныгъуейщ.
♦Зи мылъку щыхьыракъым нэпсейр, нэгъуэщІым и мылъку ззэпылъэфэлІэну хэтращ.
♦И гуащІэ зыхэмылъым щыхьыр мащІэщ.
♦Къыумылэжьа фІыщІэмрэ мылъкумрэ хъер пылъкъым.
♦Къулыкъум хэти пщІэ кърелэжь, хэти и напэр хелъхьэ.
♦Лэжьыгъэ удэзыхьэхыр тынщщ.
♦ЛІы зэрагъэунэхур и Іуэхущ.
♦МащІэр фІыщІэ зымыщІым нэхъыбэ хуэфащэкъым.
♦МыгъэззщІа унафэм унафэ зыщІым и пщІэр егъэкІуэд.
♦Нэпсейр мылъкукІэ щІэбгъэнами, зыгуэр къыхуэту къыщохъу.
♦ПщІэ зыхуамыщІ нэхъыжьым и унафэр гъэззщІэгъуейщ.
♦Уи гугъуехь зыхэмылъыр гуэшыгъуафІэщ.
♦ЖимыІэм утегуэзвыхь нэхърэ, уиІэм щыгуфІыкІ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

Газетеджэм и усэ

ШЭРІУЖЬ Аслъэн

Анэдэлъхубзэ

Псэр Іэпкълъэпкъым щІымыгъужмэ,
Гъащ1эу иІэр иухащ.
Лъэпкъым бзэр Іурымылъыжмэ,
И пщэдейр дыгъуасэ хъуащ.

Зи дыгъуасэр зымыщІэжым
И пщэдейр хуэмыуБзыху,
Зи блэкІар зыщыгъупщэжым
Имылъагъу пщэдейм и нэху.

Хамэ лъэпкъхэм я бзэр пщІэныр
Ар хъуэпсэгъуэщ, пцІы хэмылъ,
Ауэ уи бзэм уепщІыжыныр
Ар икІагъэщ, уигу игъэлъ.

Уэ ухъуам къулыкъущІэшхуэ,
Лъэпкъ унафэ уи пщэ дэлъщ,
Абы щхьэкІэ бзэм фІыщІэшхуэ,
Уэ умыщІэми, бгъэдэлъщ.

Зыэзаман бзэр димыІэжмэ,
Лъэпкъыу зым дыкъимыбжьын,
Дэ лъэпкъ щхьэхуэу дамыбжьжмэ,
Къулыкъу хэти къуитыжьын.

Анэм и бзэм пщІэ хуэзыщІыр
Хуэпэжьнщ псэуху и лъэпкъ,
Язынныкъуэм бзэр зымыщІэр
Щхьэ нэхъ хъурэ къулыкъущІэкъу.

«Адыгэ псалъэ»

Нэхъапэм «Ленин гъуэгу» газетым
ЩыщІэздзащ уи тхыгъэхэм седжэн
Гъуэгур гурыІуэгъуэт, ауэ «Ленин»
Сщ1эртэкъым абы щІыхуейр гуэтын.

Гъэхэр блэкІыурэ, зехъуэж дунейм,
Хабзэм хопщэфІыхь тетыгъуэр зейр -
Къемызэгъыу ялъытар дыгъуасэ,
Хабзэ хъуауэ нобэ драгъасэ.

Мызэ-мытІэу уи цІэр яхъуэжами,
Лъэпкъым ухуэпэжу укъэнащ,
Къэрал хабзэр дэнэ ямышами,
Адыгэбзэм уи Іуэху теухуащ.

Тхыдэм и пэжыпІэр къэптІэщІыжу
Уэ ди пащхьэм нобэ къыболъхьэж,
Икъухьа лъэпкъ бынхэм я лъэужьыр
Дэнэ щІыпІи къыщІыбольхьэжэж.

Нобэрей ди гъащІэм теухуауэ
Гу лъытапхъэу зыри блумыгъэкІ,
Адыгэбзэм ар къибгъэтІэсауэ,
Махуэ къэскІэ къытхудыбогъэкІ.

Жьыми щІэми хуэгъэзащ уи псалъэр,
Къэхъукъым Іуэху уэ мыхьэнэ зумыт.
Лъэпкъым ухуопсэу, «Адыгэ псалъэ»,
Уэ ущІимыджыкІыу зы къытхремыт.

Сыадыгэщ

Слъагъужу си щхьэр лъагэу,
Сопсэу тІэкІу зызгъэпагэу,
СощІэж сызыгъэпагэр -
Сытетщ дунейм адыгэу.
СІурылъу адыгэбзэр
Сытетщ адыгэ щІыгу,
СхэтыхукІэ адыгэпсэр,
ЩІэлъынщ пагагъ си нэгу.
Си хабзэр си хъумакІуэщ -
ЕмыкІу къызимыгъэхь,
ЗекІуэш сызэрызекІуэр
Хуалъхуащ гъуэгуанэ кІыхь.
Си фащэр щызытІагъэр
Куэд мэхъу, яфІэгурыхьщ,
Зезымыхьэж си лъэпкъыр
Сэ мэхъур сфІэгуэныхь.
Къэщтэж, шэрджэж, уи хабзэр,
Уи фащэр щытІэгъэж.
УпщІэхэмылъми щабзэр,
Щолэхъуэ зэ шэсыж.
ЩІэзашэу бом щІэтами,
ЛІэужьыр мыкІуэдынщ,
Шы гуэр уэ къыпщІэнауэ,
ЛІы ухъумэ, шы пхуэхъунщ.

● Тхыгъэ

Іэмал

Асльэнхэр циркым щызыгъасэ щІалэщІэр шынэ хъуат. Абы къыфІэщІырт асльэнхэм кьепхъуэн хуэдэу зашІу. ГъэсакІуэм ищІэрт апхуэдэ гупсысэхэр уи щхьэм иту абыхэм уахьихьэ зэрымыхъунур. Сыт атІэ Іэмалыр? Сыт ищІэнур? АбыкІэ ар ечэнджэщащ гъэсакІуэ нэхъыжьым икІи елъэІуащ и гъусэу кІуэуэ асльэнхэм я щытыкІэм еплъыну.

ГъэсакІуэ нэхъыжьым игу ирихьакъым асльэнхэм зэрызащІыр.

- НтІэ, сыкъыпыкІын ахэр гъэсэным? – жеІэ нэхъыщІэм.

АрщхьэкІэ модрейм ар идакъым.

- Хьэуэ, ар хъунукъым, - жиІащ абы. – Іэмал щыІэщ, теувапІэхэр зэхъуэкІын хуейщ. Ахэр бгъуэІуэщи, асльэнхэр хуиту, кьехуэхынкІэ мышынэу тетщ.

Арати, теувапІэхэр нэхъ щыкІу, нэхъ бгъуэз ящІащ. Иджы асльэнхэр шынагъуэ еплъыжьркъым я гъэсакІуэ щІалэм, зи Іуэху зэрахуэр, зэпымыууэ зэгупсысыр я теувапІэ бгъуэзэхэм кьемыхуэзныщ.

ГУРУНЦ Леонид,
ермэлы тхакІуэ.

Зэзыдзэкіар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. Таурыхъ, псысэ, ... **6**. ... кьищтауэ, гум щІэщІа шитІым языр яхуэкъуркъым. **9**. ЛІы хахуэ, зэуапІэ губгъуэм щхьэмыгъазэу зыкьыщыщзыгъэлъэгъуа. **10**. Кьалмыкъ ... е фошыгъу ... **12**. Унагъуэ псэущхьэ. **15**. Совет Союзым и ЛІыхъжь Къуэныкъуэят ... **16**. Хадэм ирагъэувэ бзугъащтэ. **17**. Чыцэм къупыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ ткІыбжь хъуреи щІыкІу. **18**. Іуэ е хадэ ихьэпІэм Іуагъэувэ. **20**. Сабийхэр школ пщІантІэм щызэрызохьэ, ... къэпщІауэ. **23**. Жэмтхьэлэ къыщалъхуа адыгэ генерал. **24**. Пщы зэрыхьэ ... мэхъу. **25**. ... щытхъуи, щІэр кьащтэ. **28**. Лым щхьэкІэ язынныкъуэ сабийжэм жаІэ хабзэ псалъэ. **29**. ЩэкІ пхъашэ Іув. **31**. ЛъахъшапІэ щІыпІэ. **32**. ЦІыху Іэдзб, псалъэмакъыншэ, мамыр. **34**. ЩІымахуэ щыгъын. **35**. И анэ ..., ипхъу кьашэ. **37**. Бжьхъэм я фо зэхуэхъэсыпІэ. **39**. Америкэ Ипщэм хиубыдэ кьэрал. **41**. СССР-м щызекІуэу щыта ахъшэ жьгъей, щІакхъуэ хужь къыщІэкІыу. **42**. ЛэжьакІуэжьым и Іэгум ... трищІащ.

Къехьу: **1**. Дунейр щыщІыІэм деж адкІэ-мыдкІэ трищІэ уэс пІащІэ. **2**. Гагариныр ялэ дыдэу здэлъэта щІыпІэ. **3**. А жыгым пщІий къыпокІэ. **4**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **7**. Дурэш. **8**. Уаз щату мэжджьыг кІуэцІым иІэ щІыпІэ щхьэхуэ. **11**. ЦІыху Іэл, гущІэгъунэ. **13**. ТхъуцІынэ щыщІахукІэ кьанэ псыр. **14**. Кхъуей ... е хъарбыз ... **19**. Беларусь къэралыгъэм щыІэ Къалэ-быданІэ ЛІыхъжь. **21**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкІыжа цІыхубз. **22**. Щыхь ин лъэпкъ. **26**. Мэлбзхьэу Тимборэ и ужькІэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару хаха. **27**. Связисту Хэку зауэшхуэм хэта, Совет Союзым и ЛІыхъжь. **29**. Зэкіэлъхьэужьу гъуэгуанэ техьа щыгу зэщІэщІа гуп. **30**. Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **33**. Егъэлеяуэ дунейр щыщІыІэ зэман. **36**. Нартхэм я гъуэІ. **37**. Чы-бжэгъу ... **38**. Іэпхъуамбапщэм и бгъуэгъым хуэдиз пщалъэ. **40**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Бадзэуэгъуэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:
ЕкІуэкІыу: **1**. Къанж. **4**. Армум. **7**. Собэ. **9**. Гъуо. **10**. Хъун. **11**. Къута. **13**. Альп. **15**. ФэрыщІ. **16**. Лэкъум. **17**. Щыгъэ. **18**. Мыр. **19**. Ней. **21**. Бжьы. **23**. ТІэкІу. **24**. Чын. **26**. Къурэ. **27**. Ауз. **29**. Кумб. **30**. Сауд. **34**. Лашэ. **36**. УІэгъэ. **37**. Зым. **38**. Нэм. **39**. Зэ. **40**. Уз. **44**. ШэпхЪ. **45**. Ныбгъуэ. **46**. Пхъэр.
Къехьу: **2**. Ажэгъуэмэ. **3**. Жей. **4**. Ажэгъафэ. **5**. Мэл. **6**. МэшбащІэ. **7**. Сэхъу. **8**. БгъуэнщІагъ. **11**. Къурмэн. **12**. Аргъынэ. **14**. Пащту. **20**. ЕнтІыр. **22**. Жьынду. **25**. Мамхэгъ. **26**. Кьундуз. **28**. Залым. **31**. Абазэхэ. **32**. Жумэрэн. **33**. ШэнтІуэ. **35**. Шыбзыхъуэ. **41**. ЩІихъ. **42**. Къэб. **43**. ЩІэп.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кьуэдзэ), Жыласэ Зарубэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Кьашокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Кьумахуэ Аслъэн, Нэщ1ыкъуэдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзэгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуущ1апІэхэм ядэлэжьэныбжьэмкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщ1эта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтекУ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдзэгъаззэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзЭныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютерк1э газетым и теплъэр яц1ащ* **Мэлбахьуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьезыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.966 ● Заказ №622